



YAYASAN PENDIDIKAN DAN TEKNOLOGI PANCA BHAKTI
SEKOLAH MENENGAH KEJURUAN

SMK PANCA BHAKTI RAKIT

NIS: 400190, NSS: 342030411019, NPSN: 20362369

Jl. Raya Rakit Km. 3, Telp. 085329699994 Blabar, Adipasir, Rakit Banjarnegara 53463

Nama :
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Program Keahlian :
Kelas : X (Sepuluh)

Evaluasi

1. Susastra sing awujud gancaran (karyasastraprosa) lan isine nyritakna salah sijine lakon/paraga sing dianggep wigati, diarani
 - a. Crita cekak
 - b. Crita lakon
 - c. Crita gancar
 - d. crita rakyat
 - e. crita wigati
2. Cerkak nduweni unsur *intrinsik* lan *ekstrinsik*. Nang ngisor kiye sing ora kalebu unsur *ekstrinsik* cerkak yakuwe....
 - a. pendhidhikan panganggit
 - b. kahanan politik
 - c. kapitadosan panganggit
 - d. sudhut pandhang
 - e. ekonomi panganggit
3. *Nilai* sing ana sesambungane karo tata laku pasrawungan antarane pawongan siji lan liyane, diarani....
 - a. *Nilai* budaya
 - b. *nilai* religious
 - c. *nilai* politis
 - d. *nilai* sosial
 - e. *nilai* estetis/kaendahan

Kanggo mangsuli pitakonan kaping12 tekan16 wacanen pethilan cerkak nang ngisor kiye kanthi permati!

"Mengko mbengi Mami arep kulak dagangan maring Bandung terus labas maring Bogor, Pap. Dadi Papi sing kudu njaga kios kiye. Eman-eman angger tutup, rejeki atusan ewu ilang. Pokoke Papi kudu bisa ijin," Omonge bojone tambah rosa, tur madan kesuh.

Sugeng ora semaur. Gagean motore distater terus diplayokna metu sekang ngumah maring sekolahan. Ora nganti seprapat jam wis gutul. Montor diparkir, Sugeng mlebu ruang guru terus njagong. Garapane bocah sing niyate arep dikoreksi ora disenggol acan merga pikirane putek kemutan polahe bojone sing tambah wani goli ngatur wong lanang.

"Yanti,...Yanti....ko kiye tambah kemayu, tambah nrayak, ora ngregani bojomu,"Batine Sugeng kelara-lara. Ganu-ganu Sugeng jan ora ngira bojone arep duwe polah sing kaya kuwe. Yanti anake Suti bakul klambi nang pasar, disenengi Sugeng merga bekti marang wong tuwa. Bocahne ayu tur ora lenjeh, mulane Sugeng mantep pengen Yanti dadi bojone.

4. Manut pethilan cerkak nang ndhuwur wateke mami ...
 - a. egois
 - b. eman
 - c. wani
 - d. judhes
 - e. lebay
5. Adhedhasar pethilan cerkak nang ndhuwur, latar panggonane yakuwe
 - a. Bandung, kios, ruwang guru
 - b. pasar, parkiran, Bogor
 - c. sekolahan, Bogor, pasar
 - d. sekolahan, Bandung, Bogor
 - e. sekolahan, kios, ruwang guru
6. Cerkak nang ndhuwur nganggo punjering crita utawa sudut pandhang wong
 - a. kapisan
 - b. kelo
 - c. ketelu
 - d. kepat
 - e. kelima
7. Nilai sing kaandhut nang sajroning cerkak nang ndhuwur yakuwe
 - a. nilai religious
 - b. nilai politis
 - c. nilai budaya
 - d. nilai moral
 - e. nilai pendhidhikan
8. Pitutur sing kena disinaoni sekang pethilan cerkak nang ndhuwur yakuwe
 - a. wong wadon aja gelem kalah karo wong lanang
 - b. dadi wong kudu tansah sareh ngadhepi pacoban
 - c. yen ana masalah kudu minggat sekang umah
 - d. wong lanang kudu wani karo wong wadon
 - e. senjata bojone galak, aja gelem kalah
9. Crita kang surasane fakta ing antarane yaiku
 - a. Novel
 - b. Biografi
 - c. Crita cerkak
 - d. Crita sambung
 - e. Crita gambar
10. Sinopsis yaiku....
 - a. Tulisan kang ngemot dudutan sawijining crita
 - b. Crita adhedasar saka urutan sawijining kedadayan utawa prastawa
 - c. Sawijining analisis utawa penafsiran objektif marang separangkat fakta
 - d. Gawe dudutan (nyimpulake) saka sawijining pawarta
 - e. Nuduhake katrangan tambahan kanggo ngutawake andharan